

INISYATIV TÈS COVID-19 POU TRAVAYÈ AGRIKÒL SEZONYE ETA NEW YORK KESYON YO POZE PI SOUVAN

K: Kijan fèm yo patisipe nan inisyativ sa a?

A. Operatè fèm ki anboche travayè tanporè ki soti deyò Eta New York epi ki lokalize nan konte Clinton, Genesee, Orleans, Ulster ak / oswa Wayne yo te chwazi pou patisipe nan inisyativ tès COVID-19 la.

K: Kijan pou mwen konnen si fèm mwen an se youn nan fèm sa yo?

A. Yon reprezantan depatman sante lokal ou a oswa Depatman Sante, Travay oswa Agrikilti ak Mache ap kontakte ou dirèkteman.

K: Konbyen kòb tès la koute?

A. Tès COVID-19 la gratis.

K: Kisa operatè fèm yo bezwen fè pou anplwaye yo patisipe nan inisyativ sa a?

A. Operatè fèm yo ta dwe anrejistre pou patisipe nan yon aktivite tès lè ou klike sou lyen sa a: <https://app.smartsheet.com/b/form/78fd67f98e104d1c95f533cb8ac9c200>

Depi ou fin anrejistre, yon reprezantan ki soti nan ekip tès mobil la pral kontakte w dirèkteman pou wè ki dat/lè/ lokal travay ki pi bon pou operasyon ak anplwaye ou yo.

K: Ki enfòmasyon anplwaye mwen yo bezwen pou yo bay nan fason pou yo patisipe nan evènman an?

R. Anplwaye yo pral oblije bay non yo, dat Nesans, nimewo telefòn kontak, ak non anplwayè yo nan moman tès la

K: Kijan anplwaye yo jwenn rezilta tès yo?

R. Tout moun ki teste yo pral ba yo enstriksyon espesifik sou kijan pou yo jwenn rezilta tès yo.

K: Kisa operatè fèm yo dwe fè si travayè yo teste pozitif pou COVID-19?

R. Operatè fèm yo ta dwe travay trè sere ak depatman sante lokal yo pou adrese tès depistaj, izolasyon ak pwosesis karantèn, ak bezwen lojman travayè yo.

K. Kiyès ki responsab pou bay lojman karantèn, medikaman, manje, lesiv ak swen medikal pou anplwaye ki malad yo?

R. Anplwayè yo responsab pou bay lojman ki an sekirite ak swen medikal apwopriye tankou manje, medikaman ak lesiv pou travayè yo ki malad. Anplwayè yo bezwen pou yo travay avèk Depatman Sante Eta/lokal konte a pou asire ke lojman izolasyon disponib ak akseptab, epi bezwen medikal chak anplwaye yo satisfè.

K. Èske yon anplwayè ka mande pou anplwaye yo kontinye travay pandan yo pozitif pou COVID-19?

R. Non. Travayè izole yo pa kapab ale travay jiska omwen 10 jou fin pase depi sentòm yo te premye parèt AK omwen 3 jou (72 èdtan) te pase san yon fyèv ak san ou pa itilize medikaman pou redwi lafyèv, AK sentòm respiratwa sa ki gen ladan tous ak souf kout amelyore.

K. Ki moun ki pral detèmine lè yon anplwaye ka retounen nan travay?

R. Depatman Sante Eta/Konte lokal ou a, ansanm ak founisè medikal ou, ap detèmine kilè yon anplwaye ka retounen nan travay.

K. Kisa yon anplwayè dwe bay yon anplwaye ki teste pozitif pou COVID19?

A. Daprè Lwa Repons Fanmi Federal First Coronavirus, anplwaye yo gen dwa pou jiska de semèn (jiska 80 èdtan) nan konje maladi peye nan pousantaj regilye anplwaye a nan sal kote anplwaye a pa kapab travay paske anplwaye a an karant (dapre sa. bay lòd oswa konsèy nan men yon founisè swen sante federal, eta, oswa gouvènman lokal la), ak / oswa ki gen sentòm COVID-19 epi k ap chèche yon dyagnostik medikal.

K. Kisa k ap pase si yon anplwaye toujou malad aprè mwen te resevwa 80 èdtan pèman COVID 19 Federal?

R. Anplwayè a ta dwe epwize nenpòt benefis adisyonèl ou ka genyen (konje maladi, tan vakans, elatriye) epi ranpli yon reklamasyon Konpansasyon Travayè sou non anplwaye a. Ou kapab ranpli yon reklamasyon Konpansasyon Travayè tou lè w ranpli dokiman yo: <http://www.wcb.ny.gov/content/main/forms/Forms CLAIMANT.jsp>

Resous Adisyonèl:

https://coronavirus.health.ny.gov/system/files/documents/2020/05/sars-cov-2_diagnostic_testing_051520-2.pdf

https://coronavirus.health.ny.gov/system/files/documents/2020/05/13112_covid19_testing_next_steps_052120.pdf

https://coronavirus.health.ny.gov/system/files/documents/2020/05/13135_en_nys_contact_tracing_flyer_052120.pdf

https://agriculture.ny.gov/system/files/documents/2020/05/agm-doh_covid19_cleaningfarm.pdf